

## **Mitemo ine chokuita nenyaya dzepabonde kuwashandi vanoita mabasa ekuyamura.**

Vashandi vanoita mabasa ekuyamura **vanogona kupiwa chirango – kana kudzingwa basa – kana vakaita hunhu husina kunaka maererano nenyaya dzepabonde**. Iyi ndiyo mitemo yavanofanira kutevedzera:

- Vashandi vanoita mabasa ekuyamura **havabvumirwe kuita zvepabonde nemunhu ari pasi pemakore gumi nemasere (18), kunyange kana izvi zvichibvumirwa munyika dzavanogara**. Kutaura kuti wanga usingazive makore chaiwo emunhu wacho hachisi chikonzero chinogamuchirika.
- Vashandi vanoita mabasa ekuyamura **havabvumirwe kushandisa mari, kupinza mabasa, midziyo kana zvinhu kuti vapiwe bonde**— kusanganisira midziyo kana zvinhu zvekuyamura zvinofanira kupiwa vanhu vari kutambudzika. Havafaniri kuvimbisa kupa zvinhu izvi nechinangwa chekuita kuti vamwe vabvume kuita zvinhu zvinovambunyikidza kana kuvanyadzisa pane zvepabonde. Izvi zvinobatanidza kubhadhara kana kuti kupa mari pfambi kuti uite zvebonde nayo.
- Vashandi vanoita mabasa ekuyamura ndivo vanosarudza kuti ndiani achafanira kupiwa ruyamuro. Izvi zvinovaita kuti vave nemasimba pamusoro pevari kuda ruyamuro. Nekuda kwechikonzero ichocco, masangano ezvekuyamura **anokurudzira zvikuru vashandi kuti vasamboite zvebonde naani zvake** ari pakati pevari kuda rubatsiro. Maitiro akadaro anokanganisa maonerwo nekuvimbika kwemabasa ekuyamura.
- Kana paine mushandi **ari kushushikana kana kufungira** kuti mumwe munhu ari musangano rokuyamura raari kushandira kana kuti rimwewo sangano rezvekuyamura ari kutyora mutemo uri maringe nenyaya dzebonde wevashandi vanopa ruyamuro, **anofanira** kumhan'ara, achitevedzera **mirayiridzo** yakaiswa nesangano raanoshandira.
- Vashandi vanoita mabasa ekuyamura **vanofanira kuisa nekuchengetedza** nzira dzemashandiro dzinorambidza hunhu husingagamuchiriki panyaya dzebonde uye kukurudzira vashandi kuti vatevedzere mitemo inowanikwa **mumagwaro emashandiro (Codes of conduct)**. **Mamaneja ese** ane basa rekutsigira nekuisa nzira dzemashandiro anochengetedza nekusimudzira maonero aya.

Mirayiridzo ye IASC panyaya dzekumbunyikidza uye kubatwa zvisina kunaka panyaya dzebonde inowanikwa pano: [http://www.pseataskforce.org/uploads/tools/sixcoreprinciplesrelatingtosea\\_iasc\\_english.doc](http://www.pseataskforce.org/uploads/tools/sixcoreprinciplesrelatingtosea_iasc_english.doc).

Mashoko ari nyore kunzwisia aya akaumbwa nekushanda pamwe kwaitwa pakati pelASC Task Team on Accountability to Affected Populations neProtection from Sexual Exploitation and Abuse pamwe neTranslators Without Borders.